

**KOUTE:** Koute se premye etap la, men fok nou louvri ke nou ak lespri san prejije. Ki jan Bondye ap pale avèk nou atravè vwa ke pafwa nou inyore? Kijan nou koute laik yo, koute sitou fanm ak jèn moun? Ki sa ki fasilite oswa anpeche nou koute? Eske nou koute byen moun ki nan zon nou yo? Kouman yo entegre patisipasyon gason ak fanm ki konsakre? Ki limit ki genyen nan kapasite pou nou koute, sitou moun ki gen yon opinyon diferan ak nou? Ki espas ki genyen pou vwa moun yo, ki pi feb yo sitou moun kap viv nan mize, ke yo mete a kote, oswa retire nan societe a?

**PATAJE RESPONSABILITE NAN MISION TET ANSAM NOU AN:**

Sinodalite se yon sèvis mision Legliz la, kote yo rele tout manm pou patisipe. kom nou tout se misionè, ki jan yo rele tout moun ki batize pou patisipe nan mision Legliz la? Kisa ki anpeche batize yo pou yo aktif nan mision an? Ki pati nan mision an nou neglije? Kijan kominote a sipòte manm li yo ki sèvi sosyete a nan divès fason (patisipasyon sosyal ak politik, rechèch syantifik, edikasyon, pwomosyon jistis sosyal, pwoteje dwa moun, pran swen anviwònman an, elatriye)? Kijan Legliz la ede manm sa yo viv sèvis yo bay sosyete a tankou misionè? Kijan, nou ankouraje bon konpran nan chwa misionè yo fè a e pa ki moun li fet?

**ANN FORME NOU NAN SINODALITE A:** Sinodalite egzije dispozisyon pou chanjman, fòmasyon, ak edikasyon san rete. Ki jan kominote legliz nou an fòme moun pou yo kapab "mache ansanm," . koute youn ak lòt, patisipe nan mision, ak angaje nan chita pale? Ki fòmasyon ke yo ofri pou ankouraje bon konpran ak egzès otorite nan yon fason sinodal? Sit entènèt Synodal la bay egzamp sou kòman ou kapab konpran pi byen.